QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«26» Апрель 2021 j. 03-02/05-2139 - sanlı

**Кегейли районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 2-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры А.Айтановаға**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизиң, 2021-жыл 12-апрель сәнесиндеги министрликке жоллаған мүражатыңыз тийисли тәртипте үйренип шығылғанлығын хәмде үйрениў барысында төмендегилер анықланғанлығын мәлим етип билдиремиз.

Мүражатыңызда мектептиң еки оқыў хәм руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша директор орынбасарлары белгисиз себеплерге байланыслы жумыстан кеткенлиги себеп кеўилсиз жағдай екенлиги, бундай кеўилсиз жағдайлар басқа мектеплерде де болғанлығы олар босатылмағанлығы көрсетилген. Ҳақыйқатында мектеп оқыўшыларының күнделикли сабаққа қатнасын қадағалаў, сабақтан бос ўақытларын мазмунлы өткериўди шөлкемлестириў, мектеп ата-аналар комитетиниң жумысларын тийисли тәртипте алып барыў, оқыўшыларға Миллий Ғәрезсизлик идеяларын сиңдириўге бағдарланған жумысларды изшил әмелге асырыў, класс басшыларының тәрбиялық иләжларды системалы рәўиште әмелге асырыўын, оқыўшылар арасында руўхый-ағартыўшылық жумысларын режели шөлкемлестириўди алып барыўда жол қойған ири қәте кемшиликлери ушын Р.Ғайбуллаев 2020-жыл 16-апрель сәнесинен баслап, А.Мамбетов 2020-жыл 5-октябрь сәнесинен баслап өз арзалары тийкарында ийелеп турған лаўазымынан босатылған.

Буннан басқа усы жылы бөлимге қараслы 43, 38, 14-санлы мектеплеринде де мектеплердиң оқыў-тәрбия жумыслары үйренип шығылып үйрениў нәтийжесине көре тийисли жуўапкер лаўазымлы шахсларға гезектеги интизамий шаралар көрилип, алдынға исленйў тийис ўазыйпалар белгилеп берилген.

Мүражатта Н.Тажимуратованы 2020-жыл 15-октябрьден баслап қәнигелиги туўры келмеседе, хеш қандай педогогикалық стажға ийе болмасада отырғызылғанлығы көрсетилген. Бул бойынша Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 7-декабрьдеги "Халық билимлендириў хызметкерлериниң тийкарғы лаўазымларының қәнигелик талаплары ҳаққында"ғы 393-санлы буйрығы талапларына сәйкеслиги сондай-ақ, Сизиң 2020-жыл 16-октябрдеги усынысыңыз тийкарында Кегейли районлық халық билимлендириў бөлиминиң 2020-жыл 16-октябрьдеги 75-к-санлы буйрығы менен Н.Тажимуратова жумысқа тайынланған. Н.Тажимуратованың пән муғаллимлеринен сондай-ақ, мектептиң аттестация-аккреддациядан өтиўи ушын ақша жыйнамағанлығын пән муғаллимлери хәм өзиңиз бенен бирге өткерилген сәўбет ўақтында хәмде өз тусиник хатыңызда көрсетип бердиңиз.

Мүражатта мектептиң бурынғы оқыў хәм руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша директор орынбасарларын қайтадан өз лаўазымына қойыўды сорағансыз бул бойынша, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигинининң 2021-жыл 29-январьдағы 20-санлы буйрығы тийкарында Халық билимлендириў министрлиги системасындағы билимлендириў мәкемелеринде бар болған бос жумыс орынлары ҳаққында министрликтиң ish.uzedu.uz сайты арқалы дағаза бериў системасы енгизилгенлиги, сол себепли мектептиң оқыў хәм руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша директор орынбасары лаўазымы вакант болған жағдайда жоқарыдағы сайт арқалы ашық таңлаўға қойылып, таңлаўда ылайық деп табылған талабанлар бул лаўазымға тайынланатуғынлығы көрсетилгенлигин мәлим етип билдиремиз.

Жоқарыдағы берилген жуўаптан наразы болсаңыз жоқары турыўшы уйымларға мүражат етиўге ҳақлы екениңизди түсиндиремиз.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Орынлаған: С.Хабипов

Қарақалпақстан Республикасы
халық билимлендириў
министри Р. Реймовқа,
Кегейли районының халық
билимлендириўи бөлими
қарасындағы 2-санлы мектеп
директоры А. Айтановадан

# Түсиник хат

Берилген усы түсиник хатты себеби 13-апрель күни аўзында мектептиң кәсиплик аўқам баслығы Б. Утемисова бөлим баслығы А. Алламниязова тәрепинен Р. Реймовқа жиберилген қатнас хатты қарап шығыўды тапсырма етип берилген. Қатнас хатта 2-санлы мектеп директоры А. Айтанованы лаўазымынан босатып бериў соралған екен.

Расып мектеп психологы Р.А.И.Х.ДО ҳәм ОИБДО өз лаўазымынан себепсиз босатқан бөлим баслығы енди гезекте мектеп директоры жазығын жатап келген, мектептиң профкомы Я. Утемисовтан мени лаўазымымнан босатып бериўди сораған усығаны анықламасын усы күнге шекемте болып атырған жағдайларды ҳаққы аўзада келтирип билимлендириў министрлигине жазғанлығымызды мәлим етемен.

23.04.2021 жыл